



Pou Piblikasyon Imedya: 29/01/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLAN BIDJÈ EGZEKITIF 75 MILYON DOLA POU MODÈNIZE ENSTITI POU RECHÈCH DEBAZ LA NAN STATEN ISLAND

Investisman gen ladan etablisman yon Platòm Jenomik ak yon Sant pou Aprantisaj Willowbrook la; pou onore eritaj li kòm yon katalizè pou refòm nasyonal nan tretman moun ki gen andikap devlopmantral yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse nan pwopozisyon Bidjè Egzekitif pou Ane Fiskal 2026 li a yon investisman 75 milyon dola ki vize modènize Enstiti pou Rechèch Debaz sou Andikap Devlopmantral (Institute for Basic Research in Developmental Disabilities) Inisyativ Biwo pou Moun Ki Gen Andikap Devlopmantral yo (Office for People with Developmental Disabilities, OPWDD) yo gen ladann etablisman yon Platòm Jenomik pou amelyore kapasite rechèch Nouyòk yo epi elaji aksè pou tès jenetik. Investisman revolisyonè sa a pral finanse tou renovasyon "Bilding 29", yon estrikti ki te abandone deja sou teren ansyen Lekòl Piblik Willowbrook la, k ap transfòme l an yon Sant pou Aprantisaj, ki komemore wòl enstitisyon an nan istwa dwa moun andikape yo.

"Nouyòkè yo bezwen epi yo merite aksè ak rechèch jenomik avanse pou amelyore terapi pou moun ki gen andikap devlopmantral yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwopozisyon sa a gen pou objektif pou modènize yon espas kominotè pou li vin tounen yon Sant pou Aprantisaj ki rekonèt nasyonalman, ankouraje tretman inovan ak opòtinite edikatif pandan y ap prezève istwa. Mwen fyè pou m mete investisman sa a nan Bidjè Egzekitif mwen an epi mwen pa ka tan pou mwen wè kanpis sa a revitalize kòm yon sant pou rechèch ak inovasyon."

Enstiti pou Rechèch Debaz (Institute for Basic Research, IBR) te ouvri an 1968 kòm premye enstiti a gwo echèl nan mond lan ki gen yon manda pou fè rechèch debaz ak klinik sou kòz andikap devlopmantral yo. IBR te fè pati Biwo pou Moun ki Gen Andikap Devlopmantral (OPWDD) yo an 1979. Finansman pwopoze sa a ta pral pi gwo angajman finansye pou IBR la depi li te ouvri prèske 60 ane de sa epi li pral ede retabli Nouyòk kòm yon lidè nan domèn sa a. Sant pou Aprantisaj Willowbrook yo pwopoze a bay yon opòtinite pou komemore istwa Willowbrook kòm yon bèso pou refòm pandan y ap etabli yon espas pou aprann sou pase a epi ankouraje inovasyon pou lavni.

Lekòl Piblik Willowbrook la te ouvri nan Staten Island an 1947 pou loje ak pran swen timoun ki gen andikap devlopmantral yo. An 1965, resansman nan lekòl la te vin gen

6,000 timoun ki te fè li pi gwo enstitisyon piblik nan peyi a pou moun ki gen andikap devlopmanlal yo. Lekòl la te atire atansyon tout moun nan jounal nasyonal yo nan ane 1972 lè jounalis Jane Curtin nan Staten Island Advance ak Geraldo Rivera te revele kondisyon deplorab ak tretman timoun ki t ap viv la. Depi lè li te fèmen an 1987, Willowbrook te senbolize enpòtans enklizyon nan kominote a ak viv ak diyite pou moun ki gen andikap devlopmanlal yo.

Komisè Enterimè OPWDD Eta Nouyòk la, Willow Baer, te deklare, "Nou kontan anpil pou pèspektiv investisman sa a nan avni moun ki gen andikap devlopmanlal yo epi nou remèsye Gouvènè Hochul paske li fè transfòmasyon sa a vin yon priyorite nan administrasyon li a. Istwa Eta Nouyòk — ak nasyon an — nan enstitisyonalizasyon moun ki gen andikap yo se yon istwa nou kontinye aprann de li chak jou, ki fè yon objektif enklizyon kominotè konplè nan kè tout sa n ap fè, ansanm ak oto-defann nou yo, fanmi yo ak patnè founisè yo. Antanke branch rechèch prensipal nan peyi nou an, Enstiti pou Rechèch Debaz yo ap kontinye avanse konpreyansyon nou sou andikap devlopmanlal yo, epi investisman sa a pral pèmèt Eta Nouyòk pran devan nan rechèch ak tè jenetik nan benefis moun ki gen andikap devlopmanlal ak fanmi pa yo."

Ofisye Anchèf pou Moun Andikape nan Eta Nouyòk yo, Kim Hill Ridley, te deklare, "Avèk pwopozisyon sa a, epi nan kad lidèchip Gouvènè Hochul, Eta Nouyòk solidifye angajman li pou amelyore lavi Nouyòkè ki andikape yo atravè rechèch dènve kri ki pral sèvi kòm yon resous nasyonal ak modèl pou tè jenetik. Re-imagine ansyen kanpis Lekòl Willowbrook la kòm yon Sant pou Aprantisaj se yon pwojè ki apwopriye pou mete aksan sou ak aprann sou pase nou an pandan y ap rete konsantre sou lavni an, espesyalman nan domèn enklizyon ak dezenstitisyonalizasyon."

Senatè Eta Jessica Scarcella-Spanton, te deklare, "Kòm manm Komite Andikape Sena Eta Nouyòk la, mwen kontan wè investisman 75 milyon dola nan Enstiti pou Rechèch Debaz sou Andikap Devlopmanlal la, ki pral pèmèt tou etablisman Sant pou Aprantisaj Willowbrook la. Finansman sa a make yon etap enpòtan nan asire ke elektè mwen yo, patikilyèman moun ki gen andikap, gen aksè ak swen ak sipò yo bezwen pou viv ak diyite. Amelyorasyon sa yo pral mennen nan pwogrè ki gen sans, ki pral chanje lavi ki pral amelyore kalite lavi pou moun ki andikape yo, ki pral ranfòse angajman Nouyòk anvè manm ki pi vilnerab yo nan kominote nou an. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul, OPWDD, tout defansè yo, epi sitou zanmi m ak kòlèg mwen, Mike Cusick, pou travay san pran souf li nan defann efò sa a ane apre ane pandan manda li nan Asanble a. Mwen atann pou m travay ak OPWDD ak biwo Gouvènè a pou sipòte elektè m yo ki gen andikap devlopmanlal ak fanmi yo nan tout pwojè enpòtan sa a."

Senatè Eta Andrew J. Lanza, te deklare, "Enstiti pou Rechèch Debaz depi lontan se yon resous enpòtan ki bay sèvis medikal, konpòtmantal ak rechèch pou moun ki gen andikap devlopmanlal yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul ak Komisè enterimè Willow Baer ki se yon gwo sipòte travay enpòtan pa yo, pou angajman yo pran nan modènize IBR an yon sant prensipal pou syans ak aprantisaj pou ane k ap vini yo."

Manm Asanble Angelo Santabarbara te deklare, "Antanke Prezidan Komite Pèmanan Asanble Eta Nouyòk la sou Moun Andikape yo, mwen sipòte totalman investisman sa a nan modènize Enstiti pou Rechèch Debaz sou Andikape Devlopmanal yo. Efò sa a amelyore kapasite rechèch esansyèl yo, elaji aksè ak zouti dyagnostik ak avanse edikasyon ak enklizyon nan kominote a, asire Enstiti a rete yon lidè nan pwogrè pou moun ki gen andikap devlopmanal yo. Li reflekte angajman kolektif nou an nan inovasyon ak devlopman resous ki ekipe ki gen andikap devlopmanal yo ak fanmi yo, bati yon avni ki chita sou diyite, enklizyon, ak opòtinite",

Manm Asanble Charles D. Fall, te deklare, "Willowbrook se yon senbòl chemen nou deja pakouri ak chemen nou toujou kapab pakouri. Investisman 75 milyon dola Gouvènè Hochul la rann omaj ak pakou sa a, li fè yon pase ki gen doulè tounen yon avni ki plen ak espwa atravè rechèch ak edikasyon dènye kri. Li pèsone pou mwen, epi mwen konnen li pèsone pou anpil rezidan Staten Island ki pote eritaj Willowbrook la nan kè yo."

Manm Asanble Michael W. Reilly, te deklare, "Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul ak ekip Biwo pou Moun ki gen Andikape Devlopman yo paske yo te fè investisman enpòtan sa a nan kominote Staten Island nou an pou ede mennen pwochen jenerasyon rechèch syantifik dènye kri a atravè yon Enstiti pou Rechèch Debaz rafrechi. Mwen aplodi tou transfòmasyon sit istorik Willowbrook la an yon Sant pou Aprantisaj — yon etap enpòtan ki asire yo itilize pwopriyete sa a pou sipòte moun ki nan bezwen pou jenerasyon k ap vini yo. Mwen pa ka tann pou mwen travay ak patnè mwen yo atravè gouvènman an pou asire vizyon sa a vin yon reyalyte epi sèvi kòm yon angajman dirab pou kominote nou an."

Manm Asanble Sam Pirozzolo, te deklare, "Antanke rezidan nan Staten Island, nou gen yon responsablite inik pou nou trase chemen an nan rechèch ak swen pou andikap, dapre istwa terib Lekòl Piblik Willowbrook la. Kòm yon lejislatè, mwen apresye opòtinite pou travay avèk Gouvènè a sou pwòje ki benefisye non sèlman distri mwen an, men tou tout Nouyòkè yo. Mwen kontan dèske Eta Nouyòk ap pwopoze yon investisman enpòtan konsa, pou kontinye ak elaji rechèch k ap chanje lavi pandan m ap onore viktim yo nan youn nan chapit ki pi sonb nan istwa nou an. Mèsi Gouvènè Hochul pou pwopozisyon sa a, ak OPWDD ak ekip enkwayab nan IBR pou travay nou fè chak jou."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Devlopman Ekonomik Staten Island ak Ansyen Manm Asanble Michael J. Cusick, te deklare, "Investisman 75 milyon dola sa a pou Enstiti pou Rechèch Debaz, pi gwo investisman nan istwa enstitisyon an, se yon investisman enpòtan pa Eta Nouyòk. Avèk finansman sa a, Gouvènè Hochul te montre angajman Eta a pou solidifye istwa ak anprent Lekòl Piblik Willowbrook, pou asire yo pa janm bliye trajedi a pandan l ap ranfòse misyon IBR pou avanse rechèch ak amelyore lavi. Rezidan Staten Island yo rekonesan anè Gouvènè Hochul dèske li mete pwopozisyon sa a nan Bidjè Egzekitif li a, ki vize pou pote amelyorasyon enpòtan nan IBR pandan y ap ede re-etabli minisipalite a ak Nouyòk kòm lidè nasyonal nan rechèch ak tretman inovan pou moun ki gen andikap devlopmanal yo."

Prezidan PEF la, Wayne Spence, te deklare, "Envestisman Gouvènè Hochul a nan IBR se yon temwayaj rekonesans li nan kad travay enpòtan manm nou yo fè epi PEF pral travay avèk Gouvènè a pou asire pwopozisyon enpòtan sa a nan akò bidjè final la. Finansman sa a non sèlman asire avni IBR, men tou ranfòse angajman Eta a pou avanse rechèch ak sèvis pou andikap devlopmantral yo. Nou fyè dèske nou gen yon administrasyon ki valorize ak sipòte misyon nou."

Ansyen rezidan ak defansè Willowbrook, Bernard Carabello, te deklare, "Se toujou yon bon nouvel lè Nouyòk anonse nouvo finansman ak nouvo direksyon pou benefisye moun ki gen andikap devlopmantral yo. Finansman nesese sa yo anonse jodi a pral nan pwogramasyon nan yon bilding kote m te grandi lè m te yon ti gason: Building 29. Mwen te rive nan Bilding 29 sou kanpis Lekòl Pibik la Willowbrook la lè mwen te gen 5 an. Inite mwen te ladan te divize ant chanm lajounen ak dòtwa kote m te dòmi lannwit lan. Anpil ane apre, mwen te kapab tounen nan kanpis sa a, kounye a ki se College of Staten Island, pou resevwa doktora onorifik mwen. Lè m t ap viv Willowbrook mwen pa te janm ka imajine ke bilding mwen te dòmi nan ta pral itilize pou rechèch pou benefisye moun ki gen andikap devlopmantral yo tankou moun ki te grandi isit la. Mwen vle remèsye Gouvènè a pou finansman sa a ak efò li pou sipòte moun ki gen andikap devlopmantral yo nan Nouyòk."

Avoka familyal ak frè ansyen rezidan Willowbrook la, Jose Rivera, te deklare, "Lè yo prezève istwa sa a atravè yon Sant pou Aprantisaj, Gouvènè Hochul ak Komisè enterimè Willow Baer nan OPWDD ap pran yon angajman anvè nou menm ak jenerasyon k ap vini yo — yon angajman pou erè ki pase yo p ap janm repete."

Konsènan Enstiti pou Rechèch Debaz nan Andikap Devlopmantral la

Atravè senk domèn rechèch ki konsantre sou misyon li yo ki anglobe 25 laboratwa, Enstiti pou Rechèch Debaz nan Andikap Devlopmantral konsantre sou kòz andikap devlopmantral yo epi favorize konpreyansyon devlopman ak patoloji sèvo. Objektif IBR se bay mwayen pou fè dyagnostik, anpeche ak trete andikap devlopmantral yo yon fason ki pi efikas.

Enstiti a bay moun ki gen andikap devlopmantral yo ak fanmi yo yon sèvis byomedikal, sikolojik ak laboratwa konplè ak espesyalize epi li edike piblik la, chèchè yo ak pwofesyonèl sante ak edikasyon yo konsènan kòz, dyagnostik, prevansyon ak tretman andikap devlopmantral yo. [Klinik George A. Jervis](#) IBR la ofri sèvis dyagnostik espesyalize ak sèvis konsiltatif pou timoun, adolesan, ak adilt ki gen andikap devlopmantral yo.

###

Lèt nouvel disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)